**दिन–रविवार** **दिनांक–03.05.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक नेतृत्वबला राज्यमंत्रिमंडलक विस्तार के लऽकऽ राजनीतिक चहल–पहल बढ़ि गेल अछि। मंत्रिमंडल विस्तारक मुद्दा पर पार्टी के केन्द्रीय नेता लोकनि सँ चर्चाक लेल मुख्यमंत्री दिल्ली मे छथि। श्री चौधरी दिल्ली मे रक्षामंत्री राजनाथ सिंह, रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव, केन्द्रीय गृहराज्य मंत्री नित्यानंद राय, केन्द्रीय मंत्री ललन सिंह आ जीतनराम मांझी सहित कतेको वरिष्ठ नेता लोकनि सँ भेंट कयलनि। मुख्यमंत्री सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलनि जे रक्षामंत्री सँ विकसित बिहारक लक्ष्य के साकार करबा पर चर्चा भेल। श्री चौधरी जनौलनि जे रेलमंत्री सँ भेंट मे रेलवे के आधारभूत संरचना के मजगूत करबा पर, उत्तम रेल संपर्क आ बिहारक समग्र विकास मे तेजी आनबा पर विचार–विमर्श भेल।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी छओ मई के एक महत्वपूर्ण कैबिनेट बैसक करताह। ई बैसक मुख्यमंत्री सचिवालय मे सांझ पांच बजे होयत। एहि सत्रक दरमियान कतेको महत्वपूर्ण प्रस्ताव के स्वीकृति भेटबाक आशा अछि।

---

प्रदेशक सभ पंचायत मे एहि मासक उन्नैस तारीख सँ हरेक मासक पहिल आ तेसर मंगल दिन के सहयोग शिविरक आयोजन कयल जायत। एकर आयोजन पंचायत सरकार भवन अथवा एकर लऽग पासक कोनो सार्वजनिक स्थान पर होयत। एकर उद्देश्य आम नागरिक लोकनि से सर्वोत्तम प्रशासनिक सुविधा उपलब्ध करायब अछि।

---

जदयू अध्यक्ष आ पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक पुत्र निशांत कुमार आइ अपन पहिल राजनीतिक यात्रा के शुरूआत कयलनि अछि। निशांत कुमारक एहि यात्राक नाम सद्भाव यात्रा राखल गेल अछि। पटना स्थित पार्टी मुख्यालय सँ यात्राक लेल विदा हेबा सँ पूर्व निशांत कुमार कहलनि जे एहि यात्रा के उद्देश्य समाज मे सौहार्द आ सद्भाव के भावना के मजगूत बनायब अछि। यात्रा के दरमियान जदयू विधायक दलक नेता श्रवण कुमार आ पार्टीक

प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा सेहो उपस्थित रहताह। एम्हर, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि जे निशांत कुमार यात्रा सँ पार्टीक सभ लोक उत्साहित अछि। श्री चौधरी कहलनि जे एहि यात्रा के सफल बनेबाक लेल पार्टी पूरा तैयारी कयलक अछि। ओतहि, जदयू विधायक दल के नेता श्रवण कुमार कहलनि अछि जे निशांत कुमार एहि यात्रा सँ जमीनी स्तर पर आओर मजगूत हेताह।

---

आइ विश्व प्रेस स्वतंत्रता दिवस अछि। ई प्रेसक स्वतंत्रता के प्रोत्साहित आ विकसित करबाक तथा विश्व स्तर पर प्रेसक स्वतंत्रताक स्थिति के आकलंन करबाक अवसर अछि। एहि वर्षक विषय– शांतिपूर्ण भविष्य का निर्माण अछि। विश्व प्रेस स्वतंत्रता दिवसक घोषणा संयुक्त राष्ट्रमहासभा उन्नैस सय तेरानवे मे कयने छल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एहि अवसर पर मीडिया मे काज करऽवला सभ कर्मी लोकनि के हार्दिक शुभकामना देलनि अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे लोकतंत्रक मजगूती मे स्वतंत्र आ निष्पक्ष पत्रकारिता के भूमिका अत्यंत महत्वपूर्ण होयत अछि। एहि अवसर पर प्रदेश भरि मे कतेको कार्यक्रमक आयोजन सेहो कयल जा रहल अछि।

---

राज्य सरकार बिहार राजस्व सेवा के सैंतालीस अधिकारी लोकनिक निलंबन समाप्त कऽ देलक अछि। पछिला नओ मार्च के सामूहिक अवकाश पर चलि जयबाक कारण हिनका लोकनि के निलंबित कयल गेल छल। निलंबित पदाधिकारी लोकनि तीस अप्रील के बिना शर्त सामूहिक अवकाश सँ घुरबाक घोषणा कयने छलाह। एकर बाद सभ गोटे के निलंबन मुक्त कऽ देल गेल। एहि अधिकारी लोकनि के संबंधित जिला मे योगदान करबाक निर्देश देल गेल अछि।

---

पंचायत विकास योजना सभक तैयारी के लऽकऽ दू दिनक राष्ट्रीय कार्यशाला काल्हि सँ नव दिल्ली मे शुरू भऽ रहल अछि। कार्यशाला मे बिहार सहित विभिन्न राज्य सभक प्रतिनिधि आ पंचायत सँ जुड़ल प्रमुख पक्ष सम्मिलित हेताह।

---

इलेक्ट्रॉनिकी आ सूचना प्रौद्योगिकी मंत्रालय ओहेन सूचना आ सोशल मीडिया पोस्ट के खंडन कयलक अछि जाहि मे कहल गेल छल जे आधारकार्डक स्वरूप एहि वर्ष के अंत धरि बदलि कऽ मात्र एक फोटो आ एक क्यूआर कोडबला भऽ जायत। मंत्रालय स्पष्ट कयलक अछि जे सरकार के ऐहेन कोनो योजना नहि अछि।

———————————————————————

पश्चिमी विक्षोक कारण प्रदेश मे बेसी ठाम अन्हर–पानिक स्थिति लगातार बनल अछि। आइ राजधानी पटना सहित विभिन्न जिला मे भोरहिं सँ मेघ लागल अछि आ हवा चलि रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे राज्यक औसत न्यूनतम तापमान उनैस डिग्री सँ छब्बीस डिग्री सेल्सियस के मध्य रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान प्रदेशक बेसीतर भाग मे चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटा के गति सँ हवा के संग ठनका के येलो अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि विभाग किशनगंज जिला मे भारी वर्षा हेबाक संभावना जनौलक अछि।

———————————————————————

अररिया जिलाक नरपतगंज प्रखंडक फुलकाहा थाना क्षेत्र मे फराक–फराक ठाम पर छापामारी कऽ पुलिस चौरानवे लीटर नेपाली शराबक संग चारि तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

कटिहार जिलाक प्राणपुर प्रखंड क्षेत्रक लाभा जीरोमाईल चौक के लऽग चलि रहल अवैध अट्रासाउंड आ पैथोलॉजी सेंटर के सील कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त